



Kesyon Moun Poze Souvan sou HASA (Frequently Asked Questions, FAQ)

(Haitian Creole)

Avantaj

Èske mwen kalifye pou resevwa avantaj finansye pa mwayen HASA?

Kritè pou Kalifikasyon: Pou kalifye pou resevwa avantaj Èd Lajan Kach (Cash Assistance, CA), kliyan yo dwe ranpli kritè kalifikasyon pou nivo bezwen nan Eta New York la. Pou yon fwaye kay ki gen yon (1) moun, toudabò, nou fè bidjè tout revni, lwaye ak sipleman HASA yo, pou detèmine si kliyan an rete mwens pase \$376 chak mwa (montan an varye selon kantite moun ki nan kay la). Si kliyan an ranpli nivo bezwen an, li kalifye pou jwenn èd pou lwaye ak CA petèt, si HASA apwouve lwaye a ansanm ak kontra lwaye a.

Limit Revni: Revni total fwaye a dwe pi ba pase 200% nivo Povrete Federal la (Federal Poverty Level, FPL) pou kantite moun ki nan kay la.

Obligasyon pou peye 30% nan revni kliyan an pou lwaye: Kliyan ki ranpli kondisyon kalifikasyon yo, ki abite nan yon lojman nan mache prive a epi ki gen nenpòt lòt kalite revni ki pa CA, gen obligasyon pou peye 30% nan revni brit fwaye pou lwaye. Yo kalkile revni fwaye a anvan nenpòt eksklizyon. HASA dwe apwouve lwaye kliyan an ansanm ak kontra lwaye a.

Kisa Eksklizyon Revni Travay la ye, epi ki kliyan ki kalifye pou sa?

Dechaj Revni Travay la (Earned Income Disregard, EID) se yon ensitasyon pou benefisyè CA yo ki redui enpak revni travay sou avantaj CA yo. Gen de (2) kalite dechaj revni travay yo. Youn nan yo se yon dechaj 100% sou revni travay pandan sis (6) mwa. Dezyèm nan se yon dechaj pèmanan 64% sou revni travay yo.

EID disponib sèlman pou kliyan ki deja ap resevwa CA epi li pa aplike pou nenpòt lòt pwogram èd ki itilize revni kòm yon faktè pou kalifikasyon (pa egzanp, Pwogram Èd Nitrisyon Siplemanntè [Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP]).

Pa kapab gen eksklizyon aktyèlman pou revni ou pa genyen yo tankou Revni Sekirite Sosyal oswa avantaj Veteran yo.

Yonfwa yo konsidere yon fwaye kalifye pou resevwa avantaj pèmanan, li kalifye pou resevwa yon eksklizyon sou revni travay.

Obsève sa: Yo **PA** konte revni yo lè yo ap detèmine kalifikasyon inisyal la.

Kesyon Moun Poze Souvan sou HASA (Frequently Asked Questions, FAQ)

Avantaj (kontinye)

Kisa Eksklizyon 100% sou Revni Travay pandan sis (6) mwa a ye?

Eksklizyon 100% sou Revni Travay la se yon EID akoutèm ki dire pandan yon peryòd sis (6) mwa ki vini tousuit apre kliyan an fin kòmanse yon nouvo travay apentan oswa amitan. Nan ka sa a, yo pa konsidere 100% nan revni kliyan an pandan re-evalyasyon pou kalifikasyon CA a. Chak moun nan fwaye a kalifye pou resevwa 100% EID pandan sis (6) mwa yon (1) fwa nan lavi yo.

Yon fwa ou fin soumèt souch pèman yo pou peryòd 30 jou ki pi resan an, HASA ajan w lan ap detèmine kalifikasyon w.

Peryòd sis (6) mwa a vini youn apre lòt epi li pa kapab kanpe. Donk, si yon kliyan kite travay li pandan peryòd tan sa a, peryòd sis (6) mwa a ap kontinye konte. Sepandan, si yon kliyan jwenn yon nouvo travay pandan peryòd inisyèl sis (6) mwa a, yo kapab konsidere revni pou nouvo travay sa a toutotan li rete nan peryòd sis (6) mwa a. **Egzanp:** Yon kliyan kòmanse yon nouvo travay nan dat 2 Septanm 2025. Peryòd sis (6) mwa EID a kòmanse nan dat 2 Septanm 2025, epi li ap fini nan dat 1ye Fevriye 2026. Kliyan an kite travay sa a nan dat 9 Desanm 2025. Sis (6) mwa EID a kontinye konte. Kliyan an kòmanse yon nouvo travay nan dat 6 Janvyè 2026. Si li kalifye, yo p ap konsidere revni kliyan an pandan rès peryòd sis (6) mwa a (ki ap fini nan mwa Fevriye 2026).

Kisa 64% EID ki ap kontinye a ak dediksyon depans sou travay la ye?

Si sa aplikab, apre peryòd sis (6) mwa kote EID a se 100% an, 64% EID ki ap kontinye a ap aplike. Mete sou sa, gen yon Dediksyon \$75 pou Depans sou Travay Nòmal de (2) fwa pa mwa. Dediksyon sou Depans Travay Nòmal la aplike de (2) fwa pa mwa sou revni ki rete a, apre 64% EID a.

★ Aktyèlman, pousantaj revni yo pa konsidere a fikse a 64%, men, yo kapab chanje li chak 1ye Jen.

Ki enpak EID a genyen sou pataj 30% lwaye mwen an?

Yo **PA** konsidere revni yo lè yo ap kalkile pataj lwaye kliyan an ki se 30%, sof si kliyan an kalifye pou 100% EID a.

Kesyon Moun Poze Souvan sou HASA (Frequently Asked Questions, FAQ)

Avantaj (*kontinye*)

Egzanp Dosye

Egzanp A: Aplikan pou HASA ki pa gen okenn kalite revni.

Kliyan an pa gen okenn revni li genyen oswa li pa genyen.

Lwaye Chak Mwa = \$1,419

Kliyan an pa gen okenn revni li genyen oswa li pa genyen.

Lwaye Chak Mwa = \$1,419

$\$0 \text{ revni} - (\$1,419 \text{ lwaye} + \$158.00 \text{ N\&T} + \$25.10 \text{ alokasyon enèji}) = -\$1,602.10 \text{ defisi}$

- Defisi a mwens pase nivo bezwen \$376 Eta New York la.

Kliyan an kalifye pou resevwa lajan kach ak èd pou lwaye.

HASA peye pwopriyetè a \$1,419 lwaye a okonplè, piske kliyan an pa gen revni.

Kliyan an resevwa sibvansyon \$376 lajan kach pou pwodui alimantè ak lòt depans, piske li pa gen revni.

Egzanp B: Sèl revni aplikan an se Revni Sekirite Sosyal la, ki mwens pase lwaye li a.

SSI Kliyan an = \$1,000

Lwaye Chak Mwa = \$1,419

$\$1000 - (\$1,419 \text{ lwaye} + \$158.00 \text{ N\&T} + \$25.10 \text{ alokasyon enèji}) = -\602.10 defisi

- Defisi a mwens pase nivo bezwen \$376 Eta New York la.

Kliyan an kalifye pou resevwa èd pou lwaye.

Kotizasyon lwaye kliyan an se 30% nan revni li: $\$1,000 \times 30\% = \300.00

HASA peye pwopriyetè a rès lajan ki rete sou lwaye a, ki se \$1,119.00, dirèkteman.

Revni ki rete apre yo fin peye lwaye a ($\$1,000 - \$300 = \$700$) pi wo pase nivo bezwen \$376 nan Eta New York la, donk, kliyan an pa resevwa okenn sibvansyon lajan kach.

Egzanp C: Sèl revni aplikan an se Revni Sekirite Sosyal la, ki plis pase lwaye li a.

SSD Kliyan an = \$2,000

Lwaye Chak Mwa = \$1,419

$\$2,000 - (\$1,419 \text{ lwaye} + \$158.00 \text{ N\&T} + \$25.10 \text{ alokasyon enèji}) = \397.90 anplis

Defisi a plis pase nivo bezwen \$376 Eta New York la.

Kliyan an kalifye pou resevwa lajan kach ak èd pou lwaye.

Yo ap pran yon desizyon separe pou SNAP ak Medicaid.

(Vire paj la)

Kesyon Moun Poze Souvan sou HASA (Frequently Asked Questions, FAQ)

Avantaj (*kontinye*)

Egzanp Dosye (*kontinye*)

Egzanp D: Yon Kliyan HASA kòmanse yon nouvo travay nan dat 1ye Janvyè 2025 - li genyen \$2,000/mwa (brit).

Kliyan an ap viv nan lojman endepandan, lwaye li chak mwa = \$1,800

Revni brit chak ane a se \$24,000, ki pi ba pase 200% Nivo Povrete Federal la (Federal Poverty Level, FPL) pou yon fwaye ki gen yon (1) moun (200% x \$15,650 FPL = \$30,300).

- Kliyan an kalifye pou resevwa 100% EID pandan premye sis (6) mwa nouvo travay la.

Pou premye sis (6) mwa yo:

- Yo pa konsidere tout revni yo lè yo ap detèmine kalifikasyon CA pou avantaj yo.
- $\$0 - (\$1,800 \text{ lwaye} + \$158.00 \text{ N\&T} + \$25.10 \text{ alokasyon enèji}) = -\$1,983.10$ defisi
- HASA peye pwopriyete a \$1,800 lwaye a okonplè, piske kliyan an pa gen revni.
- Kliyan an kalifye pou yon sibvansyon \$376 lajan kach, piske yo evalye li gen \$0 revni.

Lè peryòd sis (6) mwa kote EID a 100% an fini:

- $(\$2,000/\text{mwa} \times 64\% \text{ dechaj}) = \$1,280$ yo pa konsidere, \$720 ki rete yo reprezante nouvo revni an.
- $\$720 - \$150 \text{ dediksyon nòmral chak mwa} = \570 Revni Brit Ajiste (Adjusted Gross Income, AGI)
- $\$570 - (\$1,800 + \$158.00 \text{ N\&T} + \$25.10 \text{ alokasyon enèji}) = -\$1,413.10$ defisi
- Kotizasyon lwaye kliyan an se 30% nan revni brit li: $\$2,000 \times 30\% = \600.00
- HASA peye pwopriyete a rès lajan ki rete sou lwaye a, ki se \$1,400.00, dirèkteman.
- Revni ki rete apre yo fin peye lwaye a ($\$570 \text{ AGI} - \$600 = -\$30$ defisi) pi wo pase nivo bezwen (\$376) nan Eta New York la, donk, kliyan an kalifye pou yon sibvansyon \$376 lajan kach.

Nan toulede senaryo yo, yo ap pran yon desizyon separe pou SNAP ak Medicaid.

(Vire paj la)

Kesyon Moun Poze Souvan sou HASA (Frequently Asked Questions, FAQ)

Avantaj (*kontinye*)

Egzanp Dosye (*kontinye*)

Egzanp E: Kliyan an kòmanse yon nouvo travay nan dat 1ye Janvye 2025, avèk yon revni brit \$4,000 chak mwa.

Lwaye chak mwa = \$1,800

Revni brit chak ane a se \$48,000 (\$4,000 x 12 mwa), ki pi wo pase 200% FPL pou yon fwaye ki gen yon (1) moun (200% x \$15,060 FPL = \$30,120).

Kliyan an pa kalifye pou 100% EID.

Kliyan an kapab kalifye pou 64% EID a.

- $(\$4,000/\text{mwa} \times 64\% \text{ eksklizyon}) = \$2,560$ yo pa konsidere, \$1,440 ki rete yo reprezante nouvo revni an.
- $\$1,440 - \$150 \text{ dediksyon nòmal chak mwa} = \$1,290$ Revni Brit Ajiste (AGI)
- $\$1,290 - (\$1,800 \text{ lwaye} + \$158.00 \text{ N\&T} + \$25.10 \text{ alokasyon enèji}) = -\693.10 defisi
- Kotizasyon lwaye kliyan an se 30% nan revni brit li: $\$4,000 \times 30\% = \$1,200.00$
- HASA peye pwopriyetè a rès lajan ki rete sou lwaye a, ki se \$600.00, dirèkteman.
- Revni ki rete apre yo fin peye lwaye a ($\$1,290 \text{ AGI} - \$600 = \$690$) pi wo pase nivo bezwen (\$376) nan Eta New York la, donk, kliyan an pa resevwa okenn sibvansyon lajan kach.

(Vire paj la)

Kesyon Moun Poze Souvan sou HASA (Frequently Asked Questions, FAQ)

Jesyon Dosye

Èske mwen kapab vini ak yon avoka nan randevou mwen an?

Wi. Ou kapab vini ak yon avoka oswa yon reprezantan nan randevou ou yo. Avoka w la ap bezwen idantifye tèt li nan biwo resepsyon an pou li kapab resevwa yon tikè antanke vizitè. Epitou, w ap bezwen siyen yon fòm dechaj HIPAA pou pèmèt nou pale konsènan dosye w la ak avoka a. Yonfwa ou fin bay fòm dechaj HIPAA a epi w fin voye notifikasyon alekri bay ajans lan pou fè li konnen ou bay avoka a otorizasyon pou fè tranzaksyon nan non w, avoka ap kapab resevwa enfòmasyon sou dosye w la ansanm ak dokiman ki soti nan dosye w la. Pou plis enfòmasyon sou fason pou ranpli yon HIPAA, tanpri, ale nan Otorizasyon pou Pibliye Enfòmasyon sou Sante`ak Enfòmasyon Konfidansyèl ki gen rapò ak VIH: **DOH-2557**.

Kijan pou m fèmen dosye mwen an?

Si w pa vle patisipe nan pwogram HASA a ankò, ou dwe fè Travayè Sosyal ou a konn sa swa an pèsòn oswa nan telefòn. Pou yo kapab mete demann ou an nan dokiman, yo ap mande w ranpli yon fòm Deklarasyon pou pa Patisipe.

Èske mwen gen otorizasyon pou chwazi yon Travayè Sosyal?

Yo asiye dosye bay Travayè Sosyal yo sou baz yon sistèm wotasyon. Sepandan, kliyan yo kapab jwenn otorizasyon pou chanje Travayè Sosyal si yo mande sa, pou yon motif ki valab, selon sa Direktè Sant lan oswa administrasyon HASA a deside.

Èske mwen kapab chanje sèks sou kat CIBC mwen an?

- Tanpri note sa, depi 30 avril 2015, Kat Idantifikasyon pou Avantaj Komen (Common Benefit Identification Cards, CBIC) Eta New York yo pa gen makè pou sèks ankò.
- Pou chanje sèks ou nan kont Medicaid ak/oswa dosye w la, ou dwe ban nou youn (1) nan dokiman ki vin apre yo pou konfime nouvo sèks ou a:
 - Sètifika Nesans/Chanjman nan Sètifika Nesans
 - Òdonans Tribinal (sèlman pou chanjman non)
 - Lisans Chofè Eta New York
 - Kat Idantite Non Chofè Eta New York
 - Lèt Administrasyon Sekirite Sosyal voye
 - Nòt Medikal (sèlman pou korije sèks)
 - Lisans Maryaj (sèlman pou chanjman non)
 - Paspò
- Etap ki pi enpòtan an se rasanble dokiman yo. Yonfwa nou fin resevwa dokiman ki nesese yo, n ap anmezi pou fè chanjman ou mande a.
- Pou plis enfòmasyon, tanpri, ale nan Seksyon Chanjman Sèks pou Kliyan Transjan epi ki Non Binè yo: Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)

(Vire paj la)

Kesyon Moun Poze Souvan sou HASA (Frequently Asked Questions, FAQ)

Vizit Lakay

Ki frekans vizit lakay yo?

Frekans vizit lakay yo depann sou bezwen endividyèl yon kliyan ansanm ak kalite lojman kote kliyan an abite a. W ap jwenn egzijans minimòm pou vizit lakay yo anba a. Yo kapab pwograme lòt vizit si sa nesèsè:

- Yo dwe vizite fanmi ki gen timoun ki poko gen 5 lane nan fwaye a, yon (1) fwa pa mwa.
- Yo dwe vizite fanmi ki Abite nan Lojman Endepandan yo, epi ki pa gen timoun nan fwaye a ki poko gen 5 lane, chak twa (3) mwa.
- Yo dwe vizite kliyan selibatè ki ap Viv nan Lojman Endepandan yo chak twa (3) mwa.
- Yo dwe vizite kliyan Granmoun ki selibatè epi ki ap viv nan yon Lojman ki Sipèvize yo (sètadi, Sant Lojman Tranzitwa, Sant Lojman Pèmanan, oswa Sant Lojman Dispèse) yon (1) fwa chak twa (3) mwa.
- Yo dwe vizite tout kliyan ki ap viv nan Lojman Dijans yo omwen yon (1) fwa pa mwa jiskaske yo jwenn yon lojman pèmanan.
- Yo dwe fè yon vizit pou transfè nan sèt (7) jou travay apre lè yo fin asiyen dosye a bay nouvo Travayè Sosyal la.

Poukisa mwen bezwen yon vizit lakay?

Lwa lokal la egzije pou kliyan HASA yo jwenn yon jesyon dosye ki entansif, epi pou yo kenbe yo nan lojman ki apwopriye nan domèn medikal. Vizit lakay yo nesèsè pou gen asirans kliyan HASA yo ansanm ak fanmi yo ap resevwa yon seri avantaj ak sèvis ki nesèsè pou kenbe sante yo ak sekirite yo, epi yo jwenn lojman yon fason ki apwopriye.

E si mwen pa lakay mwen pou vizit lakay ki pwograme a?

Si w pa kapab prezan lakay ou pou vizit adomisil ki pwograme a, ou dwe fè Travayè Sosyal ou a konn sa pou li repwograme li. Si w pa respekte vizit lakay ki pwograme yo, sa kapab gen efè negatif sou dosye w la.

Kesyon Moun Poze Souvan sou HASA (Frequently Asked Questions, FAQ)

Lojman

Ki kalite lojman ki disponib?

- **Lojman Dijans** Kliyan HASA fèk aksepte epi ki sanzabri yo kapab mande plasman nan lojman pou menm jou a nan Service Line, ki twouve li nan 400 8th Avenue nan Manhattan. Lòt kliyan ki twouve yo nan obligasyon pou jwenn lojman dijans, kapab pale ak Travayè Sosyal yo pou mande yon plasman nan menm jou a. Yo bay lojman dijans yo yon fason ki tanporè. Selon kantite moun ki nan fanmi an ansanm ak disponiblite lojman yo, plasman nan lojman dijans yo ap fèt nan Lojman Tranzisyon Sipèvize, Lojman Okipasyon Senp (Single Room Occupancy, SRO) oswa Apatman Ijans pou Fanmi.
 - **Lojman Tranzisyon Sipèvize:** Inite lojman tranzisyonèl yo pèmèt sèlman granmoun ki selibatè yo rete akoutèm. Yo bay chanm prive ki konplètman meble yo ak saldeben prive oswa komen, salon, repa nan salamanje komen, ansanm ak enstalyon lwazi. Manm pèsonèl ki gen responsabilite pou jere dosye yo sou plas, bay konsèy sou itilizasyon sibstans ak sante mantal, ansanm ak èd pou chèche yon lojman pèmanan. Yo kapab bay lòt sèvis sipò tou.
 - **SROs:** Inite SRO yo pèmèt granmoun ki selibatè yo ak koup yo rete akoutèm. Inite SRO yo se yon seri chanm prive ki meble, ki gen saldeben prive oswa komen.
 - **Lojman Dijans Familyal:** Yo plase fanmi yo nan yon seri apatman prive ki meble.
- **Lojman Sipèvize ki pa Ijan:** Gen lojman sipèvize ki disponib pou kliyan ki bezwen èd pou fè fas ak yon obstak ki anpeche yo viv yon fason endepandan nan kominote a. Gen kèk modèl lojman sipèvize ki egzije yon antesedan sanzabri tou. Apre kliyan an fin ranpli yon aplikasyon, yon manm nan Ekip Evalyasyon Sante Global la (Comprehensive Health Assessment Team, CHAT) ap fè entèvyou avèk li. Apresa, Travayè Sosyal ak espesyalis lojman nan HASA y ap ede kliyan ki kalifye yo idantifye kalite lojman ki koresponn ak bezwen endividyèl oswa bezwen familyal yo. Y ap plase kliyan yo sou baz konpozisyon fanmi an, bezwen endividyèl yo ak disponiblite yo.
 - **Rezidans an Gwoup:** Lojman Sipèvize ki Akonpaye yo ofri yon varyete modèl lojman ki meble pou moun ak fanmi yo, yo tout nan yon sèl kay. Gen sèvis sosyal entansif ki disponib sou plas.
 - **Lojman sou Sit Dispèse:** Pwogram lojman sou Sit Dispèse a pwopoze yon seri apatman yo lwe nan non founisè lojman an. Yo kapab dispèse apatman yo nan yon awondisman an patikilye oswa nan tout vil la. Nan pwogram sa yo, gen sèvis sipò espesyalize pou granmoun selibatè ak fanmi yo.

Kesyon Moun Poze Souvan sou HASA (Frequently Asked Questions, FAQ)

Lojman (kontinye)

Ki kalite lojman ki disponib (kontinye)?

- **Apatman nan Mache Prive:** HASA ap bay èd lwaye pou kliyan kalifye epi ki vle viv nan yon apatman mache prive nan kominote a. Kliyan yo dwe fè pwòp rechèch pa yo pou jwenn apatman. Travayè Sosyal yo kapab bay yon lis koutye pou apatman, ki te konn ede kliyan HASA yo anvan sa. Sepandan, nou pa kapab bay garanti ki montre koutye sa yo ap gen apatman ki disponib nan nenpòt moman. Tanpri, gade seksyon FAQ a nan [Avantaj](#) pou plis enfòmasyon.

Avi sou Dwa Lokatè yon Lojman Sipèvize Genyen

[Kòd Administratif Vil New York § 21-149](#), yo rele Lwa Lokal 15 2022 (LL 15) tou, egzije pou founisè lojman sipèvize yo, yo rele pafwa pwomotè pwojè, ki gen kontra avèk ajans nan Vil la, tankou Administrasyon Resous limèn (Human Resources Administration, HRA) Vil New York la, bay lokatè lojman sipèvize yo, ak potansyèl lokatè pou lojman sipèvize yo, yon avi konsènan dwa lokatè a genyen, nan kèk okazyon ki obligatwa epi sou demann. Nouvo lwa a te antre an vigè nan dat 9 me 2022. Lwa sa a pa ajoute nouvo dwa; li mete lokatè lojman ki sipèvize yo ak lokatè potansyèl lojman ki sipèvize yo okouran konsènan dwa ki deja egziste yo.

Founisè lojman sipèvize yo dwe bay potansyèl lokatè yo ansanm ak lokatè pèmanan yo avi sa a:

- Nan moman revizyon an
- Nan moman yo ap antre nan yon lojman pou premye fwa
- Nan chak renouvèlman kontra lwaye oswa akò pwogram nan
- Sou demann

[Modèl Avi sou Dwa Lokatè yon Lojman Sipèvize Genyen \(PDF\)](#)

Lòt Lang: [Español](#) | [Русский](#) | [繁體中文](#) | [简体中文](#) | [Kreyòl ayisyen](#) | [한국어](#) | [Italiano](#) | [Polski](#) | [العربية](#) | [Français](#) | [יידיש](#) | [اردو](#)

Ajans nan vil la ki ap jere kontra lojman ki sipèvize yo dwe mennen ankèt sou plent yo resevwa lefètke yon founisè lojman pa t bay avi a lè sa obligatwa. Si yon ajans detèmine yon plent valab (jistifye), ajans lan gen obligasyon pou bay yon founisè lojman yon asiyasyon pou prezante akòz vyolasyon valide oswa jistifye sa a, epi li gen obligasyon pou pibliye kèk enfòmasyon ki gen rapò ak plent lan sou sit entènèt li ajans lan.

Nan enfòmasyon yo pibliye konsènan plent lan, dwe gen:

- Idantite founisè lojman ki sipèvize a
- Dat yo te soumèt plent lan
- Dat yo fin mennen ankèt konsènan plent lan
- Rezilta plent lan
- Kantite ak montan penalite yo enpoze a

(Vire paj la)

Kesyon Moun Poze Souvan sou HASA (Frequently Asked Questions, FAQ)

Lojman (*kontinye*)

Avi sou Dwa Lokatè yon Lojman Sipèvize Genyen (*kontinye*)

Si yon plent gen fondman solid, founisè lojman an ap gen responsabilite pou peye yon penalite sivil ki se \$250 pou chak asiyasyon yo bay pou chak vyolasyon plent ki fonde a. Sepandan, founisè lojman sipèvize a kapab evite evalyasyon pou penalite \$250 a (“koreksyon”), lè li bay lokatè a oswa potasyèl lokatè yo avi a nan espas 14 jou apre dat asiyasyon an. Tanpri note sa, eksepte pèman penalite \$250 a, lè yon ajans aksepte prèy yon “koreksyon”, sa toujou montre li rekonèt responsabilite li pou tout objektif yo, epi y ap kontinye pibliye enfòmasyon ki asosye ak vyolasyon plent lan sou sit entènèt ajans lan.

Konfidansyalite enpòtan anpil epi yo p ap janm mete piblik la okouran konsènan idantite moun ki depoze plent lan. Si w gen difikilte pou jwenn yon kopi nan Avi sou Dwa Lokatè Lojman ki Sipèvize yo, lè yo mande founisè sèvis lojman w lan sa, kontakte travayè sosyal HSA ou a oswa rele 311 pou depoze yon plent.

Si mwen vle demenaje, èske HASA ap peye nouvo apatman mwen an?

- Si w ap viv nan yon apatman aktyèlman epi w vle demenaje, pa kite apatman aktyèl ou a anvan w fin pale ak yon Travayè Sosyal. Travayè sosyal ou a ap travay avèk ou pou detèmine kalite lojman ki ap pi byen koresponn ak bezwen w yo. Objektif nou se ede w konsève yon lojman ki estab, ki adapte epi ki abòdab nan domèn medikal.
- Si w sanzabri oswa w ap fè fas ak gwo danje (avèk yon sitiyan ki menase lavi w oswa sante w ak sekirite w), yo kapab plase w nan yon lojman tanporè pandan w ap chèche jwenn yon nouvo apatman. Tanpri, kontakte Travayè Sosyal ou a.

(Vire paj la)

Kesyon Moun Poze Souvan sou HASA (Frequently Asked Questions, FAQ)

Lojman (*kontinye*)

Ki liy direktif ki genyen nan kesyon lwaye pou nouvo lojman endepandan yo?

Sou baz liy direktif sou lwaye yo, montan lwaye HASA apwouve a ap depann sou konpozisyon fwaye dosye HASA a. Kantite chanm akouche yo ap apwouve a depann sou kantite moun ki gen nan fwaye a, lyen familyal yo, laj yo, sèks yo, ansanm ak yon seri lòt faktè. Liy direktif sou lwaye yo pa reprezante yon garanti epi yo kapab chanje yo.

Pwogram èd pou lokasyon HRA a pa yon pwogram CityFHEPS oswa pwogram kupon. Si yo apwouve apatman ki enterese yon kliyan, HASA ap peye pwopriyetè a oswa responsab pwopriyete a dirèkteman. Si yon kliyan gen revni ki pa èd lajan kach, sandout kliyan an ap responsab pou peye 30% nan revni li pou lwaye.

Lwaye a dwe omwen gen chofaj ak dlo cho, eksepte pou apatman ou jwenn pa mwayen NYC Housing Connect ak lòt Lotri nan NYC Housing. Epitou, kapab gen lòt eksepsyon sou yon baz ka-pa-ka. Epitou, kapab gen lòt eksepsyon sou yon baz ka-pa-ka. Apwobasyon an ap depann, an pati, sou enspeksyon apatman an.

Note sa: Nan ka kote gen sikonstans sanzatann ki ekri, kantite moun ki nan fanmi an se youn nan faktè ki ap detèmine lwaye maksimòm ajans lan apwouve selon jan li vle a. (*pa egzanp, pou pwoteje sante oswa sekirite kliyan an*).

Pou konsilte gid ki gen rapò ak pri lwaye y ap sèvi depi 10 Septanm 2025 pou rive 31 Mas 2026, tanpri ale nan [HRA Enstriksyon an Vigè Konsènan Pèman Lwaye pou Sèvis Espesyal 9/10/2025](#). Pou konsilte gid ki gen rapò ak pri lwaye y ap sèvi apati 1ye Avril 2026, ale nan [HRA Enstriksyon an Vigè Konsènan Pèman Lwaye pou Sèvis Espesyal](#).

Èske travayè sosyal mwen an dwe enspekte yon nouvo apatman mwen vle lwe?

Wi. Kit yon lòt antite te gentan enspekte oswa kit li pa t enspekte yon inite lojman, travayè sosyal ou a dwe fè pwòp enspeksyon pa li anvan yo apwouve èd pou lokasyon an.

Kijan m ap peye pwopriyetè mwen an?

Si yon moun kalifye epi HASA apwouve lwaye a ak kontra lwaye a, pwopriyetè kliyan an oswa responsab pwopriyete a ap resevwa yon seri chèk sou yon baz de (2) fwa pa mwa. Chak de (2) fwa pa mwa, pwopriyetè a ap resevwa pèman yon lwaye debaz. Epitou, si kliyan an kalifye pou sibvansyon lwaye HASA, pwopriyetè a ap resevwa yon pèman HASA siplemantè chak sis (6) mwa.